



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DIREKTIV POU KONBAT DISKRIMINASYON NAN ASIRANS LOJMAN KI ABÒDAB

Direktiv la enfòmè konpayi asirans yo ke yo entèdi yo chèche enfòmasyon oswa pran desizyon sou kouvèti ki baze sou yon estati pwopriyete kòm yon devlopman lojman abòdab oswa yon sous revni lokatè a

Baze sou akò bidjè ane fiskal 2025 Gouvènè a pou konbat diskriminasyon kont founisè lojman abòdab yo ak benefisyè kupon chwa lojman seksyon 8

Li lèt sikilè DFS la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo direktiv ki enfòmè konpayi asirans yo ke yo entèdi pou yo chèche enfòmasyon oswa pran desizyon sou kouvèti ki baze sou sitiyoasyon yon pwopriyete kòm yon devlopman lojman abòdab oswa sou nivo oswa sous revni yon lokatè nan bilding nan, tankou asistans gouvènman an. Direktiv Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la suiv lejislasyon Gouvènè Hochul te garanti nan kad bidjè ane fiskal 2025 la pou entèdi diskriminasyon nan asirans ki baze sou sous revni lokatè yo oswa sou egzistans inite lojman abòdab nan bilding lan.

"Avèk nouvo direktiv sa a, n ap avize konpayi asirans yo: New York p ap tolere patipri kont founisè lojman abòdab nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Diskriminasyon nan asirans fè ogmante depans pou pwopriyete pwopriyete yo ak lokatè yo epi mete yon pakèt kay nan pri abòdab an danje. Administrasyon mwen an ap ranfòse kontwòl tout kalite diskriminasyon lojman an pou asire jistis nan mache lojman nou an epi pou kenbe depans yo ba pou tout Nouyòkè yo."

Sirentandan Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne A. Harris, te deklare, "Sa a se yon etap enpòtan pou asire ke founisè lojman abòdab New York yo pa sibi diskriminasyon. Mwen ekstrèmman fyè de travay Depatman sa a te fè pou adrese diskriminasyon, nan sèvis misyon nou pou konstwi yon sistèm sèvis finansye ki pi ekitab."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Lokatè toupatou nan New York fè fas ak obstak pou lojman ki

baze sou sous revni yo, ki gen ladan estati kupon Seksyon 8. Estigmatizasyon kont moun k ap resevwa kupon Seksyon 8 ak lokatè ki abite nan yon lojman abòdab se yon zak diskriminasyon, kit se yon founisè asirans ki fè l pou fikse tarif asirans oswa yon founisè lojman pou eskli rezidan yo nan akomodasyon lojman. Lwa sa a ke Gouvènè a te defann pral asire yo pa tolere diskriminasyon nan New York, kidonk sa ap kreye mwayen aksè ak abòdab alafwa pou lokatè ak founisè lojman yo. Sa a se yon lòt pa nan direksyon pou asire investisman nou yo nan lojman abòdab pa diminye akòz depans asirans eksestif, sa ki pèmèt nou kontinye bay opòtinite lojman pou Nouyòkè yo."

Konpayi asirans yo gen entèdiksyon pou yo chèche enfòmasyon oswa konsidere, anile, refize bay oswa renouvle, ogmante prim, oswa ekskli, limite, mete restriksyon sou oswa diminye kouvèti asirans ki baze sou:

- Prezans inite lojman nan bilding lan ki abòdab pou rezidan yo nan yon nivo revni espesifik dapre yon akò gouvènman an;
- Resepsyon asistans gouvènman an pou lwaye pa mwayen pwopriyetè oswa lokatè yon bilding rezidansyèl pou lwe oswa aksyonè yon sosyete lojman koperativ;
- Nivo oswa sous revni rezidan yo nan bilding lan; oswa
- Kit se yon koperativ ki limite nan fon pwòp, yon otorite lojman piblik oswa yon sosyete lojman koperativ ki posede bilding nan, ki sijè a sèten dispozisyon lwa finansman lojman prive.

Lejislasyon enpòtan sa a vini apre yon rapò ki te pibliye an novanm 2022 kote DFS, ansanm ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, te revize pratik konpayi asirans pwopriyete/aksidan konsènan bilding ki gen inite lojman abòdab oswa sibvansyone. Anplis de sa, de ajans yo te angaje ak devlopè lojman abòdab, ki te endike yo te fè eksperyans gwo ogmantasyon nan prim oswa difikilte pou jwenn règleman pou devlopman lojman abòdab.

Pou jwenn yon kopi lèt sikilè a, ale sou [sitwèb DFS](#) la.

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Nouvo direktiv DFS sa a baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou konstwi ak prezève rezèv lojman abòdab ki genyen nan New York, pwoteje lokatè New York yo kont ogmantasyon eksestif pri yo ak gwo depans pou lojman, epi konbat kriz lojman atkyèl la. Nan kad bidjè ane fiskal 2025 la, Gouvènè Hochul te jwenn yon akò lojman enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York la, pwoteje lokatè ak pwopriyetè kay, epi konbat diskriminasyon kont moun k ap resevwa Kupon Chwa Lojman Seksyon 8 ak founisè lojman abòdab. Anplis de sa, nan kad bidjè ane fiskal 2023 a, Gouvènè a te asire tou finansman pou yon plan lojman 25 milya dola sou senkan pou konstwi ak prezève 100,000 kay abòdab.

Gid sa a baze sou ajennda lojman ekitab Gouvènè a pou elimine diskriminasyon lojman nan Eta New York. Gouvènè a te anonse yon ekspansyon 2.2 milyon dola Pwogram

Tès Lojman San Patipri New York (Fair Housing Testing Program) la ki fèt pou elimine diskriminasyon nan tranzaksyon lokasyon ak vant kay yo. Eta New York ap fè patenarya ak sis òganizasyon san bi likratif atravè eta a pou deplwaye testè enfilte yo pou aji kòm potansyèl lokatè ak moun k ap chèche kay. Ekspansyon an ogmante kapasite eta a pou envestige pwo-aktivman diskriminasyon nan lojman yo sispèk ak ranfòse efò edikasyon ak sansibilizasyon yo sou dwa ak lojman ekitab epi egzijans pou pwopriyete, lokatè, pwofesyonèl imobilye ak gouvènman lokal yo. Gouvènè a te siyen tou yon lwa enpòtan pou ogmante pwoteksyon pou Nouyòkè yo kont diskriminasyon lojman.

Nouyòkè ki fè eksperyans diskriminasyon ilegal nan lojman ka [depoze yon plent bay DHR sou entènèt](#) oswa lè yo rele 1-888-392-3644.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)